# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 मई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु कहले हवें कि भारत ऑपरेसन सिंदूर से आतंकवादियन के ठेकानन के नस्ट कइ के पाकिस्तान के करारा जबाब दिहले हौ। राजस्थान के बीकानेर में एगो जनसभा के सम्बोधित करत उहां के ई बाति कहलीं। प्रधानमंत्री कहलें कि सरकार ससस्त्र बलन के कार्रवाई करे क पुरहर छूट दिहले रहल। एहसे तिन्नो सेना के अपने लक्ष्य के पूरा कइले में मददि मिलल अउर पाकिस्तान के घुटना टेकले पर मजबूर होखे के परल।

***22 अप्रैल को आतंकवादियों ने धर्म पूछकर हमारी बहनों की मांग का सिंदूर उजाड़ दिया था। हर देशवासी ने एकजुट होकर संकल्प लिया था कि आतंकवादियों को मिट्टी में मिला देंगे। तीनों सेनाओं ने मिलकर ऐसा चक्रव्यूह रचा कि पाकिस्तान को घुटना टेकाने के लिए मजबूर कर दिया।***

प्रधानमंत्री जोर दे के कहलें कि पाकिस्तान कब्बो भारत से सामने से युद्ध नाहीं जीति सके ला, येही नाते ऊ आतंकवाद के बढ़ावा दे के छद्म युद्ध में सामिल हौ।

भारत साफ कइ दिहले हौ कि पाकिस्तान के हर आतंकी हमला के भारी कीमति चुकावे के परी।

***पाकिस्तान के साथ न ट्रेड होगा न टॉक। अगर बात होगी, तो सिर्फ पाकिस्तान के कब्जे वाले कश्मीर की और अगर पाकिस्तान ने आतंकियों के सपोर्ट करना जारी रखा, तो उसको पाई–पाई के लिए मोहताज होना होगा और दुनिया की कोई ताकत हमें इस संकल्प से डिगा नहीं सकती है।***

येह मौका पर प्रधानमंत्री अठारह राज्यन अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के छियासी जिलन में एक सौ तीनि पुनर्विकसित अमृत भारत स्टेसनन क उद्घाटन कइलें। प्रदेस में अमृत भारत योजना में सबसे बेसी ओन्तीस स्टेसनन क उन्नयन कइल गइल हौ।

येह मौका पर रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में रेलवे में परिवर्तनकारी सुधार हो रहल हौ।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो अमृत भारत स्टेसनन के उद्घाटन समारोह से वर्चुअली जुड़लें। अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम एक्स के जरिया से उहां के कहलीं कि अमृत भारत स्टेसन नया भारत के संकल्प के साकार करे वाला हौ। उहां के एके गति अउर गौरव के उत्तम समन्वय क नया प्रतीक बतवलीं।

प्रधानमंत्री आजु प्रदेस के जवने अमृत भारत स्टेसनन क उद्घाटन कइलें ओहमें उत्तर रेलवे क बिजनौर, सहारनपुर, उत्तर मध्य रेलवे कै प्रयागराज क करछना, कानपुर क गोविंदपुरी, पुखरायां, आगरा क ईदगाह जंक्शन, फतेहाबाद, गोवर्धन अउर उत्तर पूर्व रेलवे के मैलानी, गोंडा क स्वामी नारायण छपिया, बलरामपुर, सिद्धार्थनगर, गोला गोकर्ण नाथ स्टेसन, रामघाट हाल्ट, थावे, इज्जतनगर, बरेली सिटी, उझानी अउर हाथरस सिटी स्टेसन सामिल हवे।

**********

आतंकवाद के खिलाफ ऑपरेसन सिंदूर के सफलता से उत्साहित समग्र राष्ट्र भारतीय जवानन के सौर्य अउर साहस के नमन कइ रहल हौ। ससस्त्र बलन के प्रति सम्मान अउर कृतज्ञता के रूप में आकाशवाणी समाचार बिसेस श्रृंखला प्रसारित कइ रहल हौ। येही कड़ी में आजु हमनी के परमवीर चक्र विजेता सेकेंड लेफ्टिनेंट अरूण खेत्रपाल के इयादि कइ रहल हईं। एगो रिपोर्ट–

***1950 में पुणे, महाराष्ट्र में जन्मे सेकेण्ड लेफ्टिनेंट अरूण खेत्रपाल को जून 1971 में पूना होर्स रेजीमेंट में नियुक्त किया गया। 16 दिसंबर 1971 को दुश्मन ने धूएं के परदे की आड में सकरगट सेक्टर में खेत्रपाल को निशाना बनाकर जवाबी हमला किया। उन्होंने आह्वान का जवाब दिया और दुश्मन के हमले का सामना करने के लिए आगे बढे। सैनिकों पर दुश्मन ने भारी गोलीबारी की। सेकेण्ड लेफ्टिनेंट अरूण खेत्रपाल ने दुश्मन के उन ठिकानों पर जमकर हमला किया । दुश्मन के दूसरे हमले के दौरान इसके बाद भी भीषण टैंक युद्ध हुआ। दस दुश्मन टैंक नष्ट हो गए और उनमें से चार को सेकेंड लेफ्टिनेंट अरूण खेत्रपाल ने अकेले ही नष्ट कर दिया। उनके टैंक पर दुश्मन ने भारी गोलीबारी की और उसमें आग लग गई, लेकिन उन्होंने दुश्मन के टैंकों को नष्ट करना जारी रखा। उनके टैंक पर फिर से हमला हुआ और उन्होंने दुश्मन के उस इच्छित सफलता को वंचित करते हुए सर्वोच्च बलिदान दिया। दुश्मन के सामने सबसे विशिष्ट वीरता के लिए सेकेण्ड लेफ्टिनेंट अरूण खेत्रपाल को 1972 में मरणोपरांत परमवीर चक्र से सम्मानित किया गया। राष्ट्र उन्हें नमन करता है। अनुपम मिश्र, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

प्रदेस के गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में आजु गरज–चमकि के साथे तेज बरखा भइले से जन–जीवन परभावित भइल हौ। कई जगहिनि से जानमाल के क्षति क खबरि मिलल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक आवे वाला अट्ठाइस मई ले बरखा क ई क्रम प्रदेस के कुछु जगहिनि पर अबहिनों जारी रही।

**********